



## Documentation Request for Medical Condition and Residual Functional Capacity (Demann Dokimantasyon pou Kondisyon Medikal ak Kapasite Fonksyonèl Residyèl)

Chè founisè Swen Sante:

Pou kliyan adilt yo jwenn asistans publik (TANF), yo oblige travay, chèche travay aktivman, oswa jwenn fòmasyon pou travay jiska 40 èdtan pa semèn. Gen kèk kliyan ki ka pa ka satisfè kondisyon sa a akòz pwoblèm ki gen rapò ak sante. Kliyan sa yo ka bezwen yon ranvwa tanporè nan yon aktivite travay, yo ka kapab patisipe men pou yon kantite limite èdtan, oswa yo ka bezwen evite sèten kalite aktivite travay.

\_\_\_\_\_ (non kliyan) te di nou ke yo, oswa yon manm fanmi yo renmen, gen yon kondisyon medikal, mantal oswa emosyonèl, ki anpeche oswa limite kapasite yo pou travay, chèche travay oswa patisipe nan fòmasyon pou travay.

Tanpri ranpli fòmilè ki akonpaye a pou dekri limit medikal sa yo. **Si yon kondisyon ki dire plis pase twa mwa, tanpri bay kopi prèv medikal objektif (nòt dosye, laboratwa, imaj, ak nenpòt lòt tès dyagnostik) pou verifye kondisyon an.** Tanpri voye bòdwo DSHS, pa kliyan an, pou nenpòt frè ki gen rapò ak bay enfòmasyon sa yo.

Nou pral sèvi ak enfòmasyon sa yo pou detèmine nivo patisipasyon obligatwa (jiska 40 èdtan pa semèn) nan kalite aktivite sa yo, ak nenpòt limit yo konsidere nan devlope yon plan aktivite pèsonalize ki baze sou bezwen medikal kliyan an.

**Tanpri bay fòm sa a ranpli ak nenpòt lòt prèv medikal objektif disi \_\_\_\_\_**  
**(dat limit). Si nou pa resevwa okenn enfòmasyon medikal, nou ka mande pou patisipasyon aplentan, jiska 40 èdtan pa semèn, nan travay, rechèch travay oswa fòmasyon pou travay jan sa dekri pi wo a. Si kondisyon yo pa satisfè, benefis lajan kach yo ka redwi oswa sispann.**

Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen plis tan pou w voye enfòmasyon yo, tanpri rele m nan \_\_\_\_\_ (nimewo travayè a). Ou ka voye dokiman sa a ranpli ak nenpòt prèv medikal nan nimewo faks nou an nan tout eta a nan 1-888-338-7410 oswa poste li bay DSHS, CSD – Customer Service Center, PO Box 11699, Tacoma WA 98411-6699.

Mèsi,

\_\_\_\_\_  
Non travayè a



WORKFIRST

# **Documentation Request for Medical Condition and Residual Functional Capacity (Demann Dokimantasyon pou Kondisyon Medikal ak Kapasite Fonksyonèl Residyèl)**

NON KLIYAN	DAT DE NESANS	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN AN		
NON PASYAN YO EVALYE A SI DIFEREN AK KLIYAN KI NONMEN PI WO A.				
NON ANPLAYE WORKFIRST	NIMEWO TELEFÒN			
ADRÈS COMMUNITY SERVICES OFFICE (BIWO SÈVIS KOMINOTÈ, CSO)				
<p>Pou ede depatman an detèmine limit (yo) moun ki endike anwo a, tanpri bay enfòmasyon sa yo:</p> <p>1. Èske moun sa a gen pwoblèm espesifik (tanpri tcheke kare a) <input type="checkbox"/> fizik, <input type="checkbox"/> mantal, <input type="checkbox"/> emosyonèl, oswa <input type="checkbox"/> devlopman ki mande akomodasyon espesyal oswa konsiderasyon?</p> <p><input type="checkbox"/> Wi   <input type="checkbox"/> Non</p>				
<p>2. Si wi, ki kalite maladi (yo) ak dyagnostik la?</p>				
<p>Èske sa sipòte ak prèv medikal objektif (tès, rapò laboratwa, elatriye)?</p> <p><input type="checkbox"/> Wi. Si wi, tanpri tache prèv ki bay sipò nan fòm sa a.</p> <p><input type="checkbox"/> Non. Si non, tanpri reponn Kesyon 8 la.</p>				
<p>3. Èske kondisyon medikal ki endike anwo a limite kapasite moun nan pou travay, chèche travay, oswa prepare pou travay?</p> <p><input type="checkbox"/> Wi. Si wi, tcheke nenpòt egzanp ki aplikab anba a.      <input type="checkbox"/> Non</p>				
<p>Egzanp limit yo enkli kapasite:</p> <table style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 50%; vertical-align: top;"> <input type="checkbox"/> pou leve objè lou  <input type="checkbox"/> kanpe oswa chita pou yon tan long  <input type="checkbox"/> swiv enstriksyon yo  <input type="checkbox"/> panche  <input type="checkbox"/> atenn  <input type="checkbox"/> retansyon memwa         </td> <td style="width: 50%; vertical-align: top;"> <input type="checkbox"/> konsantre pou peryòd tan ki pwolonje,  <input type="checkbox"/> fè mouvman repetitif,  <input type="checkbox"/> kominike avèk moun,  <input type="checkbox"/> tolere ekspozisyon a pwodui chimik, materyèl sentetik  <input type="checkbox"/> ladrès motrisite global oswa espesifik         </td> </tr> </table>			<input type="checkbox"/> pou leve objè lou <input type="checkbox"/> kanpe oswa chita pou yon tan long <input type="checkbox"/> swiv enstriksyon yo <input type="checkbox"/> panche <input type="checkbox"/> atenn <input type="checkbox"/> retansyon memwa	<input type="checkbox"/> konsantre pou peryòd tan ki pwolonje, <input type="checkbox"/> fè mouvman repetitif, <input type="checkbox"/> kominike avèk moun, <input type="checkbox"/> tolere ekspozisyon a pwodui chimik, materyèl sentetik <input type="checkbox"/> ladrès motrisite global oswa espesifik
<input type="checkbox"/> pou leve objè lou <input type="checkbox"/> kanpe oswa chita pou yon tan long <input type="checkbox"/> swiv enstriksyon yo <input type="checkbox"/> panche <input type="checkbox"/> atenn <input type="checkbox"/> retansyon memwa	<input type="checkbox"/> konsantre pou peryòd tan ki pwolonje, <input type="checkbox"/> fè mouvman repetitif, <input type="checkbox"/> kominike avèk moun, <input type="checkbox"/> tolere ekspozisyon a pwodui chimik, materyèl sentetik <input type="checkbox"/> ladrès motrisite global oswa espesifik			
<p>Tanpri dekri nenpòt lòt limit espesifik ki pa nan lis pi wo a:</p>				
<p>Si wi, moun sa a ta dwe limite nan limit patisipasyon sa yo pa semèn:</p> <p><input type="checkbox"/> 0 è (pa kapab patisipe)   <input type="checkbox"/> 1 – 10 è   <input type="checkbox"/> 11 – 20 è   <input type="checkbox"/> 21 – 30 è   <input type="checkbox"/> 31 – 40 è.</p>				

Si wi, moun sa a ta dwe limite nan limit patisipasyon sa yo pa semèn:

0 è (pa kapab patisipe)  1 – 10 è  11 – 20 è  21 – 30 è  31 – 40 è.

**DOCUMENTATION REQUEST FOR MEDICAL CONDITION AND  
RESIDUAL FUNCTIONAL CAPACITY  
DSHS 10-353 HC (REV. 12/2024) Haitian-Creole**

### Barcode label



10353

4. Èske moun sa a gen nenpòt limit pou leve ak pote?  Wi  Non  
Si wi, moun sa a gen limit sa yo:
- Gwo limite: Pa kapab leve omwen 2 liv oswa pa kapab kanpe oswa mache.
  - Travay sedantè: Kapab leve 10 liv maksimòm epi souvan\* leve oswa pote atik tankou dosye ak ti zouti. Yon travay sedantè ka mande pou chita, mache ak kanpe pou yon ti tan.
  - Travay lejè: Kapab leve 20 liv maksimòm epi souvan\* leve oswa pote jiska 10 liv. Menmsi pwa ki soulve a pa lou, travay lejè ka mande pou mache oswa kanpe jiska 6 èdtan sou 8 pa jou, oswa enplike chita pi fò nan tan ak okazyonèlman\* pouse ak rale bra oswa janm ou.
  - Travay mwayen: Kapab leve 50 liv maksimòm epi souvan\* leve oswa pote jiska 25 liv.
  - Travay lou: Kapab leve 100 liv maksimòm epi souvan\* leve oswa pote jiska 50 liv.

\* TMoun nan kapab fè travay lan pou 2.5 a 6 èdtan nan yon jounen 8 èdtan epi li pa nesesè ke pèfòmans yo dwe kontinyèl.

5. Èske kondisyon moun sa a gen enpak sou kapasite yo genyen pou jwenn sèvis (tankou itilize telefòn, resevwa tretman, pran randevou, sèvi ak sèvis transpò, oswa jwenn kote sèvis yo) oswa defann tèt li?
- Wi  Non
- Si wi, dekri:

6. Èske kondisyon moun sa a pèmanan epi li gen anpil chans limite kapasite l pou l travay, chèche travay oswa antrene pou l travay?
- Wi  Non; si kondisyon an pa pèmanan, konbyen tan kondisyon moun sa a ap kapab limite kapasite li pou travay, chèche travay, oswa antrene pou travay. Tanpri itilize espas ki anba a pou endike kantite semèn oswa mwa:
- \_\_\_\_\_ Kantite semèn, oswa  
\_\_\_\_\_ Kantite mwa

7. a. Èske gen yon plan tretman espesifik ou te fè pou rezoud pwoblèm sante moun sa a?
- Wi  Non

Si wi, dekri plan tretman an ki enkli kalite sèvis yo bay, dire, ak frekans randevou tretman an.

- b. Ki moun ki pral bay ak kontwole plan tretman kontinyè moun nan?

8. Èske gen pwoblèm espesifik ki bezwen plis evalyasyon oswa egzamen?  Wi  Non

Si wi, tanpri presize ki kalite evalyasyon oswa evalyasyon ki ta ka bezwen pou detèmine kondisyon medikal ak plan pou adrese. Tanpri endike si yo bezwen lòt referans bay espesyalis la.

9. Si pasyan yo evalye a diferan de kliyan yo nonmen an akòz enpak kondisyon pasyan an genyen sou kapasite kliyan an pou l patisipe, akòz bezwen pou yo pran swen moun nan lakay li, tanpri ranpli sa ki annapre yo.

Selon kondisyon timoun nan / adilt nan fanmi an, tcheke kaz ki apwopriye a:

- Paran / swanyan an ka patisipe deyò kay la 0 - 10 èdtan pa semèn.  
 Paran / swanyan an ka patisipe deyò kay la 11 - 20 èdtan pa semèn.  
 Paran / swanyan an ka patisipe deyò kay la 21 - 30 èdtan pa semèn.  
 Paran / swanyan an ka patisipe deyò kay la plis pase 30 èdtan pa semèn.  
 Tanpri kontakte m pou plis enfòmasyon.

Konbyen tan ou espere paran an ap bezwen bay nivo swen sa a: \_\_\_\_\_ Kantite semèn

\_\_\_\_\_ Kantite mwa

#### Medikal / Founisè Swen Sante Mantal / Lòt Pwofesyonèl

SIYATI	DAT	NIMEWO TELEFÒN
--------	-----	----------------

NON NAN LÈT DETACHE AK TIT

ADRÈS POSTAL	VIL	ETA	KÒD POSTAL
		WA	

#### Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon

Mwen otorize \_\_\_\_\_ bay Department of Social and Health Services (Depatman Sèvis Sosyal ak Sante) enfòmasyon ki sou fòm sa a ak nenpòt enfòmasyon dosye medikal ki pwouve kondisyon maladi/blesi ki anpeche m travay, sèlman pou evalye kapasite m pou m patisipe nan Pwogram WorkFirst la. Mwen konprann divilgasyon sa a gen ladan espesyalman tès dyagnostik oswa enfòmasyon sou tretman konsènan sante mantal, abi alkòl oswa dwòg ak rezulta Sexually Transmitted Diseases (Maladi Transmèt Seksyèlman, STD), ki gen ladan VIH/SIDA, lè enfòmasyon sa yo fè pati dosye a. (Revised Code of Washington (Kòd Washington revize) (RCW) 78.24.105)

SIYATI KLIYAN AN	DAT
------------------	-----

## ENSTRIKSYON

**Manadjè dosye DSHS WorkFirst / Travayè Sosyal:** Objektif fòm sa a se pou ede w devlope yon Plan Responsablite Endividyle lè, akòz yon kondisyon medikal, oswa yon enkapasite, gen yon empak sou kapasite moun nan pou l travay, chèche travay, ale nan fòmasyon ak/oswa aksè nan sèvis yo. **Itilize fòm sa a PA obligatwa si gen lòt dokiman.** Ou ka bay aplikan an/benefisyè fòm sa a pou l pote bay founisè sèvis pwofesyonèl ki apwopriye a pou ranpli oswa ou ka bay founisè sa a dirèkteman pa faks oswa pa lapòs. Si w chwazi voye fòm sa a pa lapòs, jwenn siyati kliyan an nan dènye paj la, epi mete anvlòp ki peye davans.

**Kliyan DSHS:** Objektif fòm sa a se pou rasanble enfòmasyon nan men yon founisè medikal ki pral ede Manadjè Dosye w la nan revize pwoblèm sante w yo epi kreye yon Plan Responsablite Endividyle lè ki pi byen adapte bezwen espesifik ou ak limit ou.

**Doktè / Founisè Swen Sante:** Pou kliyan adilt yo jwenn asistans publik (TANF), yo oblige travay, chèche travay aktivman, oswa jwenn fòmasyon pou travay jiska 40 èdtan pa semèn. Gen kèk kliyan ki ka pa ka satisfè kondisyon sa a akòz pwoblèm ki gen rapò ak sante. Kliyan sa yo ka bezwen yon ranvwa tanporè nan yon aktivite travay, yo ka kapab patisipe men pou yon kantite limite èdtan, oswa yo ka bezwen evite sèten kalite aktivite travay. Tanpri ranpli fòm sa a epi bay kliyan an, voye l nan nimewo faks nou an nan tout eta a 1-888-338-7410, oswa voye l bay Manadjè Dosye WorkFirst nan DSHS, CSD – Customer Service Center, PO Box 11699, Tacoma WA 98411-6699. Voye nou nenpòt nòt, lèt oswa lòt dokiman ou dejagenyen nan dosye ou ki adrese limit moun nan.